

# 21

janvyè

**Kounye a, Senyè sèl Mèt, se ou ki Bondye toutbon an. Ou toujou kenbe pwomès ou yo. Gade bèl pawòl kè kontan ou di sèvitè w la.** 2 Samyèl 7. 28

**Se ou menm Bondye ki gen pouvwa, se ou menm ki fè bèl mèvèy sa yo. Se ou menm sèl ki Bondye.**

Sòm 86. 9, 10

## **Si sèlman... epoutan... (2)**

Galile soupire li di : “Epoutan l ap vire...”, apre li te fin renonse ak verite li te dekouvri yo pou li te ka sove lavi li. Jodi a, nou konnen li te gen rezon, “foli” li an nan moman sa se te bonjan verite a...

Epoutan, Bondye egziste ! Se sèl eksplikasyon lojik ki ka eksplike mistè lavi a.

Epoutan, mwen ta kapab dekouvri ak dlo nan je, pandan m ap mouri, yo gen pou yo jije m pou lavi mwen te mennen. Paske Bondye pa ka wè ak je kèk bagay m ap pratike, li rele yo peche, kit ou dakò ak li kit ou pa dakò !

Epoutan, se li ankò ki se byen an menm toutbon an, e se li menm sèl ki etabli “prensip” la. Se pa sa chak moun deside. Nan limyè sa, kisa chak aksyon mwen yo vo ?

Epoutan, si lòm te bon, kòman nou ka eksplike egoyis ak mekanste blayi toupato sou latè... ak mal ki anndan pwòp kè mwen ?

Epoutan, menm pi gwo sekre nou yo gen pou devwale yo jou, paske Bondye konnen tout bagay nèt sou nou e li gen pou li mande nou pou rann li kont !

Epoutan, tout chemen ideyoloji, politik, filozofi ak relijyon mete devan m yo mande m pou m fè efò ak lòt bagay... malgre mwen gen limit mwen e mwen pa ka fè tout bagay.

Epoutan Bib la, pa mwayen mesaj li a ki pa la pou ni flate ni achte figi moun, mete devan m, chemen ki ka mennen vrèmanvre nan laverite a ak lapè. Li se pisans Bondye pou chanje lavi sila ki kwè a. Epoutan litèlman fasil... si sèlman ou li ! Li tèlman itil... si sèlman ou kwè nan li !

# 21 janvier

**Seigneur Éternel, toi, tu es Dieu, et tes paroles sont vraies.** 2 Samuel 7. 28

**Tu es grand, et tu fais des choses merveilleuses ; tu es Dieu, toi seul.** Psaume 86. 9, 10

## **Pourvu... pourtant... (2)**

“Pourtant elle tourne...” dit Galilée dans un souffle, après avoir sauvé sa tête en renonçant à ses découvertes. Aujourd’hui, on sait qu’il avait raison, que sa “folie” d’alors était l’exacte vérité...

Pourtant, Dieu existe ! Il reste la seule explication raisonnable au mystère de la vie.

Pourtant, je pourrais découvrir avec effroi, en mourant, que je serai jugé pour la vie que j’ai vécue. Car Dieu a horreur de certaines pratiques, qu’il appelle le péché, que l’on soit d’accord avec lui ou non !

Pourtant, c’est lui encore qui est le bien personnifié, et qui seul décide de la “norme”. Ce n’est pas ce que chacun décide. Sous cet éclairage, que vaut chacun de mes actes ?

Pourtant, si l’homme est bon, comment expliquer le règne universel de l’égoïsme et de la méchanceté... et le mal dans mon propre cœur ?

Pourtant, même nos plus grands secrets seront un jour découverts, parce que Dieu sait tout de nous et nous demande des comptes !

Pourtant, tous les chemins proposés par les idéologies, les politiques, les philosophies et les religions me demandent des efforts et des mérites... face à mes limites et à mon incompetence.

Pourtant la Bible, à travers son message sans complaisance et anticonformiste, propose le chemin qui peut réellement conduire à la vérité et à la paix. Elle est la puissance de Dieu pour changer la vie de celui qui croit. C’est pourtant si facile... pourvu que vous la lisiez ! C’est pourtant si utile... pourvu que vous la croyiez !